



# Dwa Anplwaye

## Dapre Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay

Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay (NLRA) garanti dwa anplwaye yo pou fòmè òganizasyon ak negosye an gwoup avèk patwon yo, epitou pou yo angaje nan lòt aktivite pwoteje nan tèt ansanm, oswa pou yo pa angaje nan nenpòt aktivite ki endike anwo a. Anplwaye ki pwoteje anba NLRA\* gen pwoteksyon kont sèten kalite move konduit patwon ak sendika. Avi sa a ba ou enfòmasyon jeneral sou dwa ou, ak sou obligasyon patwon yo ak sendika yo anba NLRA. Kontakte Komisyon Nasyonal Relasyon Travay (NLRB), ajans federal ki fè ankèt sou plent yo ak rezoud yo anba NLRA, avèk enfòmasyon kontak yo ba ou anba la a, si ou gen nenpòt kesyon konsènan dwa espesifik ki ka aplike nan espas travay patikilye ou.

### Dapre NLRA, ou gen dwa pou:

- Òganize yon sendika pou negosye avèk patwon ou konsènan salè ou, orè travay ou, ak lòt kondisyon travay ou.
- Fòmè yon sendika, antre nan yon sendika oswa ede yon sendika.
- Negosye an gwoup avèk pwòp reprezantan anplwaye ou chwazi pou yon kontra avèk patwon ou pou detèmine salè yo, avantaj yo, orè travay la, ak lòt kondisyon travay.
- Diskite sou salè ak avantaj ak lòt kondisyon travay la oswa sou òganizasyon sendika avèk kòlèg travay ou oswa yon sendika.
- Pran mezi avèk youn oswa plis kòlèg travay pou amelyore kondisyon travay ou, pami lòt mwayen yo, rasanble plen ki asosye avèk travay la dirèkteman avèk patwon ou oswa avèk yon ajans gouvènman, epitou chèche èd yon sendika.
- Fè grèv ak òganize pikè, Selon objektif la oswa mwayen pou fè grèv la oswa pikè a.
- Chwazi pou pa fè okenn nan aktivite sa yo, tankou antre nan yon sendika, oswa rete manm yon sendika.

### Dapre NLRA, lalwa pa dakò pou patwon ou:

- Entèdi ou pale osijè yon sendika oswa mande pou gen yon sendika pandan lè ou p ap travay, tankou anvan oswa apre travay, oswa nan moman repo ou; oswa pou distribye dokiman sendika pandan lè ou p ap travay, nan zòn ki nan travay la, tankou nan estasyonman machin yo oswa nan sal repo yo.
- Kesyon ou konsènan sipò oswa aktivite sendika a nan yon manyè ki dekouraje ou angaje nan aktivite a.
- Revoke ou, degrade ou, oswa transfere ou, oswa diminye nan kantite èdtan ou, oswa chanje peryòd travay ou, oswa pran mezi negatif kont ou, oswa menase pou pran nenpòt nan mezi sa yo, paske ou antre nan yon sendika oswa w ap sipòte yon sendika, oswa paske ou angaje nan aktivite tèt ansanm pou èd ak pwoteksyon youn pou lòt, oswa paske ou chwazi pou pa angaje nan yon aktivite konsa.
- Menase pou fèmen espas travay ou si travayè yo chwazi yon sendika pou reprezante yo.
- Pwomèt oswa bay pwomosyon, ogmantasyon salè, oswa lòt avantaj pou dekouraje oswa ankouraje sipò sendika.
- Entèdi ou mete chapo sendika, bouton sendika, tichòt sendika, ak zepeng sendika nan espas travay la, sof nan sikonstans espesyal.
- Fè espyon oswa anrejistre nan videyo aktivite pasifik ak rasanbleman sendika, oswa fè tankou l ap fè sa.

### Dapre NLRA, lalwa pa dakò pou yon sendika oswa pou sendika ki reprezante ou nan negosyasyon avèk patwon ou:

- Menase ou oswa fè presyon sou ou pou ka jwenn sipò ou pou sendika a.
- Refize rezoud yon doleyans paske ou te kritike responsab sendika a, oswa paske ou pa yon manm sendika a.
- Itilize oswa konsève prensip oswa pwosedi diskriminasyon nan fè rekòmandasyon pou djòb nan yon biwo anbochaj.
- Lakòz oswa eseye lakòz yon patwon pratike diskriminasyon kont ou akòz aktivite ou ki asosye avèk sendika a.
- Pran mezi negatif kont ou paske ou te antre nan sendika a, oswa paske ou pa sipòte sendika a.

**Si oumenm oswa kòlèg travay ou yo chwazi yon sendika pou pran desizyon kòm reprezantan negosyasyon ou, patwon ou ak sendika a gen obligasyon pou negosye avèk onètete nan yon efò serye pou jwenn yon akò ki angaje toude pati yo pou detèmine kondisyon travay la. Sendika a gen obligasyon pou reprezante ou onètman nan negosyasyon an ak pou egzekite akò a.**

**Yo p ap aksepte konduit ki ilegal.** Si ou kwè yo te vyole dwa ou oswa dwa lòt moun, ou ta dwe kontakte NLRB touswit pou pwoteje dwa ou, anjeneral nan sis (6) mwa ki vini apre aktivite ilegal la. Ou ka chèche ransèyman sou vyolasyon posib yo san patwon ou oswa okenn lòt moun pa okouran rechèch w ap fè a. Nenpòt moun ka pote plent lan, epitou moun ki afekte dirèkteman nan vyolasyon an pa bezwen fè pote plent lan. NLRB ka egzije yon patwon pou re-anboche yon travayè li revoke avèk vyolasyon lwa a, epi pou peye salè ak avantaj travayè pèdi yo, epitou li ka egzije yon patwon oswa yon sendika pou sispann vyole lwa a. Anplwaye yo ta dwe chèche èd nan biwo rejyonal NLRB ki toupre yo, epi yo kapab jwenn adrès biwo a nan sit wèb Ajans lan: <http://www.nlrb.gov>.

Ou kapab kontakte NLRB tou depi ou rele gratis: **1-866-667-NLRB (6572)** oswa **(TTY) 1-866-315-NLRB (1-866-315-6572)** pou moun ki gen pwoblèm pou tande.

If you do not speak or understand English well, you may obtain a translation of this notice from the NLRB's Web site or by calling the toll-free numbers listed above.

\*Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay pwoteje pifò anplwaye sektè prive a. Sa ki eskli nan pwoteksyon anba NLRA se anplwaye sektè piblik yo, travayè agrikòl ak travayè nan kay, kontraktè endepandan, travayè yon paran oswa madanm/mari anplwaye, anplwaye konpayi transpò ayeryen oswa konpayi transpò nan tren ki pwoteje anba Lwa sou Travay nan Tren, ak sipèvizè yo (menmsi sipèvizè ki viktim diskriminasyon poutèt yo refize vyole NLRA ka pwoteje).

**Avi sa a se yon Avi ofisyèl Gouvènman, epi okenn moun pa dwe fè li vin ilizib.**